

Deklarasyon sou Enpak Ekite: Politik Admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School

Tit: Politik Admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School

Dat: 30 Out 2023

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? X Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an [isit la](#): 22 Me 2010, 19 Desanm 2022, 20 Mas 2023, 21 Mas 2023

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? X Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire pou pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, militileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Adopsyon yon politik admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School (MPTVHS) ki pral antre an vigè nan lotòn 2024. Rezilta Dezire yo gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ogmante opòtinite pou ansèyman teknik karyè/pwofesyonèl (CVTE) pou elèv aktyèl ak alavni yo, epi ogmante sansibilizasyon CVTE. Asire ke tout elèv MPTVHS yo konnen ke yo nan yon lekòl CVTE, epi dezire tip edikasyon sa. Pwiske MPTVHS aktyèlman se yon lekòl “enskripsyon ouvri”, elèv yo pa toujou konsyan se yon lekòl CVTE. Politik sa ap chache chanje sa yon jan pou elèv enskri yo chwazi MPTVHS akòz de pwogram CVTE li yo, epi donk yo gen yon ogmantasyon angajman avèk CVTE. Elimine disparite ant pousantaj rezidan Boston ki se Nwa ak Latino, ak pousantaj ki anplwaye nan karyè ki gen kwasans rapid epi ki gen salè elve kote MPTVHS ap prepare elèv yo pou yo. Elèv Nwa ak Latino yo reprezante plis pase de (2) tyè nan BPS. Nan ogmante sansibilizasyon ak opòtinite nan MPTVHS, plis elèv Nwa ak Latino pral gradue avèk konpetans ki rekòmande yo pou karyè sa yo. <p>Gwoup travay sou politik admisyon MPTVHS te dirije pa de (2) administratè lekòl ak yon pwofesè (2 Nwa, 1 Blan), an patenarya avèk administratè biwo santral yo (1 Nwa, 1 Blan, ak 1 Latino). Youn nan administratè MPTVHS yo ap dirije yon ansèyman pwofesyonèl epi youn ap dirije ansèyman akademik lan. Pwofesè a genyen yon vas eksperyans nan Edikasyon Espesyal ak nan ansèyman entegre nan Anglè antan ke yon Dezyèm Lang (ESL), apa anseye elèv ki gen Plan Edikasyon Endividyalize yo epi yo se aprenan militileng.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Pwopozisyon sa aliye ak Angajman Vizyon Estratejik ki vini an apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Elimine Eka nan Opòtinite ak nan Reyisit: Kreye yon politik admisyon ekite ki entegre yon egzamen demografik chak ane pou elèv ki admi yo. Aksele Aprantisaj: Asire ke tout elèv MPTVHS yo dezire CVTE epi ogmante efò rekritman yo. Anba pwosedi aktyèl la, plizyè elèv enskri san konesans konsantrasyon CVTE lekòl la. Anba pwopozisyon politik, tout elèv yo pral gen konesans sou nati CVTE lekòl la epi te chwazi enskri aktivman. Sa pral ogmante angajman elèv yo, epi akselere aprantisaj pa yo nan tou de (2) domèn pwofesyonèl ak akademik yo. Aktive Patenarya: MPTVHS ap ofri elèv yo aktyèlman divès opòtinite kowoperatif ak estaj atravè yon varyete patenarya byen laj, ki gen ladan yo Mass. General Hospital, International Brotherhood of Electrical Workers Local 103, ak salon lokal yo. Nan elaji rekritman ak nan veye pou tout elèv yo dezire CVTE, lekòl la pral kapab ofri opòtinite sa yo ak plis jèn epi ogmante kantite ak divèsite patenarya yo.

<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Done pwofil lekòl Depatman Ansèyman Primè ak Segondè (DESE) yo te analize ak endike:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kontrèman alafwa nan BPS ak nan eta, MPTVHS aktyèlman enskri yon pousantaj elèv Nwa ak Latino ki nètman pi elve, ak yon pousantaj elèv Blan ak Azyatik ki nètman enferyè. ● MPTVHS enskri yon kantite pi elve elèv ki andikape pase alafwa BPS ak Eta. ● MPTVHS enskri yon pousantaj aprenan miltileng similè ak pa distri a nan totalite li, ak yon pousantaj ki nètman pi elve pase Eta. ● Analiz done yo endike si demografik elèv MPTVHS yo diferan ak mwayèn BPS la, chif sa yo chanje konsiderableman de lekòl an lekòl. Pou kenbe ekite a, politik sa pral itilize done demografik yo pou detèmine si yon eka egziste. Si yo konstate yon eka, yon analiz divès koz pwofonn pral rive efekte epi divès mezi apwopriye pral rive pran.
<p>4. Angajman Aksyonè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Elèv yo, fanmi yo, pèsònèl la ak manm kominote yo te angaje nan pwosesis modifikasyon politik admisyon yo atravè divès ankèt, gwoup konsantrasyon, ak yon seri reyinyon. Angajman sa te pwodwi kòmantè ki vini an apre yo ki te entegre nan politik ki pwopoze a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pati prenan yo te sijere pou enkli yon opsyon pou enkli yon zèv nan pwosesis aplikasyon pou demontre dezi kandida pou yon edikasyon CVTE. Zèv la te kapab yon pwøjè, yon atik, oubyen yon entèvyou ki reyalize pou lekòl la oubyen pou kont yo, ki selon yo menm montre enterè pa yo pou pouswiv CVTE. ● Patisipan yo te rekòmande yon pwotokòl pou kontakte elèv yo ak fanmi yo ki soumèt yon demann enkonplè pou ede nan reyalizasyon an. ● Elèv ak fanmi yo te rann li klè ke politik admisyon yo nan MPTVHS dwe vize ogmante sansibilizasyon nan CVTE, epi chanje pèsepsyon ke lekòl CVTE yo enpe enferyè ak lekòl tradisyonèl yo. Tou de (2) gwoup yo vle pou elèv MPTVHS yo kontan ak fyè pou al ladan l. Nan menm moman, yo te eksprime pa dwe genyen okenn baryè pou antre sou baz andikap, estati aprenan miltileng, enfraksyon movèz kondwit nan pase, oubyen nòt lekòl entèmedyè.
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Politik admisyon ki pwopoze a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pa evalue nòt lekòl entèmedyè yo, prezans, oubyen kondwit kòm yon faktè nan admisyon yo, asire ke tout elèv BPS yo kapab ale ladan l. ● Pledwaye pou yon pi gran ekspozisyon ak CVTE pou asire ke tout elèv ki nan vil la jwenn aksè ak MPTVHS. DESE rekòmande, epi nou te enkli, divès plan pou ogmantasyon efò rekritman yo ki aksantye pa sèlman sou elèv 7èm ak 8èm ane BPS yo, men tou sou òganizasyon lokal yo tankou Klèb Boys' ak Girls' yo, YMCA yo, ak espas kilt yo. ● Itilize yon sistèm lotri pou soutni yon aksè ekitab. ● Kenbe pwogramasyon edikatif aktyèl la, tankou kou sou enklizyon ki ko-anseye pa yon pwofesè kontni otorize ak yon pwofesè otorize nan Edikasyon Espesyal, ansèyman an ti gwoup Edikasyon Espesyalize, Sant Konpetans nan Devlopman Sosyal Pwofesyonèl, Atenn Endepandans gras ak yon pwogram Edikasyon Estriktire (RISE), ak pwogram pou Elèv ki gen Edikasyon Fòmèl Limite oubyen Entewonp yo (SLIFE). Anplis, aprenan miltileng yo jwenn sipò atravè divès kou apwopriye sou baz nivo Devlopman Lang Anglè pa yo, ki gen ladan yo ansèyman ESL entegre. ● Sa gen ladan l yon revizyon demografik elèv chak ane pou evalue ekite. Pousantaj elèv Nwa ak Latino yo, ak elèv Azyatik yo, aprenan miltileng yo, elèv a fèb revni yo, ak elèv Edikasyon Espesyal yo pral konpare ak mwayèn distri a. Si pwopòsyon elèv nan kèlkeswa kategori yo tonbe anba mwayèn distri a, yon analiz koz pwofonn ap rive dirije epi yo pral pran divès mezi apwopriye. Yon mezi posib si yo jwenn divès eka, se t ap ajiste pwa kategori patikilye yo nan lotri a.

<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Enpak bidjetè a gen ladan l:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Rekritman yon kowòdonatè admisyon ki pral vin administratè MPTVHS responsab pou aplike nouvo politik admisyon an. <p>Mizannèv la: Chèf etablisman, ki idantifye kom Nwa, pral responsab pou mizannèv reyisi a epi asire ekite an patenarya avèk kowòdonatè admisyon yo. Yon lantiy ekite ap youn nan faktè ki kalifikasyon nan rekritman kowòdonatè admisyon yo.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Chèf etablisman, kowòdonatè admisyon yo, ak lòt administratè lekòl yo pral evalye si politik admisyon MPTVHS yo ap aplike avèk efikasite, epi rapòte rezilta yo bay elèv, fanmi, pèsònèl, ak konsèy administratif lekòl la.</p>